



Fòmilè Reklamasyon Fon Règleman

Dapre lwa Vil New York, konpayi ki mete vewou sou volan machin ki estasyon ilegalman nan pakin prive yo pa kapab peye plis pase \$25 pou retire vewou yo. Si se B & M Electronic Diagnostic Repair Service Inc.d/b/a B & M Towing Inc ki te demare w. (Nimewo lisans DCWP 0929938-DCA), B & M Electronic Diagnostic Repair Service Inc. (Nimewo lisans DCWP 2084752-DCA), oswa NY Booting (nimewo lisans DCWP 2098438-DCA) nan youn nan magazen Home Depot sa yo an 2021 oswa 2022, epi yo te fè w peye plis pase \$25, yo te fè w peye yon montan ki pa kòrèk epi ou gen dwa resevwa yon ranbousman.

Dat limit pou soumèt yon reklamasyon se 19 jiyè 2023.

Enstriksyon:

Fòm sa a gen ladan twa (3) seksyon (I-III). Ou dwe ranpli chak seksyon. Soumèt fòm la ranpli ak nenpòt dokiman pou kore li bay DCWP nan YONN nan fason sa yo:

- **Pa lapòs bay:** NYC Department of Consumer and Worker Protection
Attn: Legal Operations Director
42 Broadway, 9th Floor
New York, NY 10004

OSWA

- **Imèl bay:** ConsumerRestitution@dcwp.nyc.gov

DCWP ap etidye reklamasyon yo nan lòd li resevwa yo. DCWP ap peye ranbousman jiskaske pa gen okenn lajan ki rete nan Fon Règleman an oswa nan dat limit pou soumèt li a, kèlkeswa sa ki rive premye.

Ou gen kesyon? Rele nan **(212) 436-0333**.

I. Enfòmasyon jeneral

Non:	
Adrès Imèl:	
Nimewo telefòn:	
Adrès kay:	
Metòd kontak ke ou pi pito:	<input type="checkbox"/> Imèl <input type="checkbox"/> Telefòn ak/oswa lapòs

<p>Home Depot Store Parking Kote Machin lan te vewouye a:</p>	<p><input type="checkbox"/> 92-30 168th Street, Jamaica, NY 11433</p> <p><input type="checkbox"/> 73-01 25th Avenue, East Elmhurst, NY 11369</p> <p><input type="checkbox"/> 131-35 Avery Avenue, Flushing, NY 11355</p> <p><input type="checkbox"/> 112-20 Rockaway Boulevard, South Ozone Park, NY 11420</p> <p><input type="checkbox"/> 75-09 Woodhaven Boulevard, Glendale, NY 11385</p> <p><input type="checkbox"/> 132-20 Merrick Boulevard, Jamaica, NY 11434</p> <p><input type="checkbox"/> 50-10 Northern Boulevard, Long Island City, NY 11101</p> <p><input type="checkbox"/> 124-04 31st Avenue, Flushing, NY 11354</p> <p><input type="checkbox"/> 59-15 Maurice Avenue, Maspeth, NY 11378</p> <p><input type="checkbox"/> 579 Gateway Drive, Brooklyn, NY 11239</p>
<p>Tanpri tcheke YON kare pou w ka konfime ke ou te peye plis pase \$25 kòm frè demaraj nan lane 2021 oswa 2022.</p>	<p><input type="checkbox"/> M ap soumèt prèv ke mwen te peye plis pase \$25 pou retire yon vewou nan machin mwen an gras ak fòm sa a.</p> <p><i>Prèv ki akseptab yo gen ladann:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • resi • fakti • deklarasyon labank oswa kat kredi <p><i>Prèv yo dwe gen ladan l dat demataj la, lokasyon* kote machin lan te demare a, ak nenpòt enfòmasyon adisyonèl pou montre ke ou te peye plis pase \$25 pou retire vewou a.</i></p> <p><i>* Kote yo dwe youn nan pakin magazen Home Depot ki endike anwo a.</i></p> <p>OSWA</p> <p><input type="checkbox"/> M ap soumèt yon deklarasyon sou sèman (paj 4 nan fòm sa a) pou konfime ke mwen te peye plis pase \$25 an lajan kach pou retire yon vewou nan machin mwen an nan youn nan pakin magazen Home Depot ki endike anwo a.</p>

Afimasyon

Lè mwen tape oswa enprime non mwen ak dat ki anba a, mwen konfime:

- Tout enfòmasyon ki nan fòm sa a se verite dapre sa mwen konnen.
- Mwen konprann ke ni DCWP ni anlwaye li yo pa avoka pèsònèl mwen.
- Mwen konprann ke DCWP pou kont li pral detèmine kantite ranbousman mwen resevwa e ke DCWP pa ka bay restitasyon (lajan) pou asirans, depans aksidantèl, oswa domaj akòz "doulè ak soufrans".
- Mwen konprann ke DCWP ap retounen nenpòt peman, resi ke yo te mande, nan Adrès Postal ke mwen bay nan fòm sa a.
- Mwen konprann ke DCWP pa ka fè m konnen si ranbousman mwen an se revni taksab.

Non an lèt detache

Dat

II. Fòm Liberasyon Konsomatè

Lè mwen tape oswa enprime non mwen ak dat ki anba a, mwen konfime:

- Mwen pa t resevwa okenn konpansasyon oswa ranbousman ki gen rapò ak reklamasyon ki endike nan la a.
- Mwen libere pou tout tan Home Depot USA, Inc., HD Development of Maryland, Inc., ansanm ak chak paran yo, filyal, afilye yo, ak chak ofisyè, anplwaye administrasyon, direktè, manm, aksyonè respektif yo, administratè, avoka, ajan oswa anplwaye, predesesè, eritye, egzekitè, de nenpòt ak tout pouswit, motif aksyon, pwosè, dèt, kotizasyon, sòm lajan, kont, kalkil, obligasyon, bòdwo, espesyalite, alyans, kontwovès, akò, responsablite, pwomès, divèjans, enfraksyon, domaj, jijman, limit, ekzekisyon, reklamasyon, ak demand, kèlkeswa, sa lalwa, admiralite, oswa ekite, ki soti nan oswa ki gen rapò ak reklamasyon fòm sa a ta lakòz.

Non an lèt detache

Dat

III. Deklarasyon sou sèman

Tcheke kare ki aplike pou ou a.

- Mwen pa bezwen soumèt yon deklarasyon sou sèman paske m ap soumèt lòt prèv peman ansanm ak fòm sa a.
- Mwen bezwen soumèt deklarasyon sa a kòm prèv peman ansanm avèk fòm sa a. Deklarasyon an konplè, li siyen e li notarye.

ETA _____)
 _____)
 KONTE _____)

Mwen menm, _____ [non], mwen fè sèman kòmsadwa, deklare ke sa ki annapre yo kapab lakòz mwen tonbe anba pinisyon pou fo temwayaj:

1. Mwen gen plis pase dizwit (18) an, mwen konpetan legalman, epi mwen gen konesans pèsònèl sou enfòmasyon ki endike la a.
2. Mwen abite nan _____ [vil ak Eta].
3. Nan _____, [dat 2021 oswa 2022], yo te mete vewou sou machin mwen an nan pakin Home Depot ki sitiye nan _____ [adrès Home Depot].
4. Mwen te peye \$ _____ an kach bay _____ [non konpayi an] pou yo te libere vewou a nan machin mwen an.

Sèmante ak siyen devan mwen,

Nan _____ jou _____ 2023

Dat

Notè Piblik